

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, aya tilu hal nu bisa dicindekeun patali jeung aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Éta tilu hal téh, nyaéta wujud kedaling pragmatik, wanda kedaling pragmatik, jeung fungsi kedaling pragmatik.

*Kahiji*, wujud aspék kedaling kapanggih aya 287 omongan, anu ngawengku wujud wawaran (*deklaratif*), pananya (*interrogatif*), paréntah (*imperatif*), jeung panyeluk (*aklamatif*). Wujud kedaling pragmatik kaasup nu panglobana dipaké, ari nu pangsaeutikna kedaling pragmatik pananya. Unggal wujud kedaling pragmatik miboga rupa-rupa ma'na, nu hartina bédá-bédá. Omongan wawaran (*déklaratif*) mibogaan dua sub ma'na, nyaéta 'ngiberan' jeung 'ngantebékeun'. Harti wawaran 'ngiberan' panglobana kapanggih. Kedaling pragmatik paréntah (*imperatif*) miboga genep sub ma'na kedaling pragmatik paréntah, nyaéta kedaling pragmatik nitah, paréntah, pangharepan, pangjurung, pangajak, panggentra, jeung panyarék. Kedaling pragmatik paréntah (*imperatif*) nu panglobana nyaéta kedaling pragmatik paréntah nitah, ari nu pangsaeutikna nyaéta kedaling pragmatik paréntah pangharepan jeung pangjurung. Kedaling pragmatik panyeluk (*aklamatif*) miboga 13 sub ma'na kedaling pragmatik panyeluk, nyaéta kagét, éra, kanyeri, tumamprak, keuheul, kukulutus, karunya, gumbira, mpuas, nganuhunkeun, jeung bingung. Kedaling panyeluk nu panglobana, nyaéta kagét. Ari nu pangsaeutikna panyeluk éra.

*Kadua*, wanda aspék kedaling kapanggih aya 287 omongan, anu ngawengku aspék kedaling sosialisasi, sikep intéléktual, émosi, informasi faktual, moral, jeung ngaréngsékeun masalah. Kedaling pragmatik sosialisasi nu panglobana dipaké, ari nu pangsaeutikna nyaéta kedaling pragmatik sikap intéléktual jeung aspék ngungkulian masalah.

*Katilu*, fungsi kedaling pragmatik kapanggih aya 287 omongan, anu ngawengku fungsi komisitif, fungsi impositif, fungsi éksprésif, jeung fungsi asértif. Fungsi éksprésif kedaling pragmatik nu panglobana dipaké, ari nu pangsaeutikna Dwi Nanda Lestari, 2019

**ASPÉK KEDALING DINA KUMPULAN CARPON KASAMBET KARYA AHMAD BAKRI (ULIKAN PRAGMATIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

kedaling pragmatik komisif. Tiap-tiap fungsi kedaling pragmatik mibanda sub fungsi séwang-séwangan. Kedaling pragmatik komisif aya tilu sub kedaling pragmatik, nyaéta kedaling pragmatif komisif pananya, ngusulkeun, jeung ngajangjikeun. Kedaling pragmatik komisif nu panglobana nyaéta pananya, ari nu pangsaeutikna nyaéta kedaling pragmatik ngusulkeun. Kedaling pragmatik impositif aya 6 sub kedaling pragmatik impositif, nyaéta kedaling pragmatik impositif nitah, ménta, ngajak, nyarék, ngajurung, jeung miharep. Kedaling pragmatik impositif nu panglobana nyaéta nitah, ari nu pangsaeutikna nyaéta kedaling pragmatik ménta. Kedaling pragmatik éksprésif aya 14 sub kedaling pragmatik éksprésif, nyaéta kagét, éra, kuciwa, kanyeri, bungah, keuheul, nyarékan, tumamprak, resep, mpuas, bingung, nganuhunkeun, karunya, jeung cumeluk. Kedaling pragmatik éksprésif nu panglobana nyaéta kagét, ari nu pangsaeutikna nyaéta éra jeung kuciwa.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén aspék kedaling dina kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wujudna, wandana, jeung fungsina.

### **5.2. Implikasi**

Ieu panalungtikan téh ngahasilkeun pedaran ngeunaan wujud, wanda, jeung fungsi kedaling pragmatik. Hasil tina panalungtikan bisa dipaké bahan ajar maca jeung nyarita dina bahasa sunda, jaba ti éta, dipaguron luhur bisa dipaké sumbur bahan ajar mata kuliah pragmatik.

### **5.3. Saran**

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, ieu panalungtikan medar aspék kedaling dina kumpulan carpon kasambet karya Ahmad Bakri nu ditalungtik maké ulikan pragmatik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna nu ngagunakeun pamarekan élmu séjénna.

*Kadua*, panalungtikan ngeunaan aspek kedaling téh kawilang saeutik, sumber datana ngan ukur kumpulan carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Ku kituna, perlu panalungtikan séjénna nu sumberna ragam basa lisan.